

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang

Hal nu ngabédakeun manusa jeung mahluk séjénna nya éta manusa dipaparinan akal. Éta akal digunakeun manusa pikeun ngungkulan pasualan-pasualan dina hirup kumbuhna. Totalitas akal pikiran manusa dumasar kana nalurina, anu saméméhna aya prosés diajar disebut kabudayaan (Koentjaraningrat, 1984:1).

Kabudayaan téh gumulungna élmu pangaweruh jeung kréativitas. Biasana wujud anu témbong dina kabudayaan téh béda-béda. Sakumaha anu dijelaskeun ku Koentjaraningrat (1984:109), tiap sélér bangsa miboga kabudayaan anu sifatna has. Dina ieu panalungtikan dipedar salah sahiji sélér Sunda, anu sacara géografisna aya di Provinsi Jawa Barat jeung Banten.

Sélér Sunda mangrupa bagian ti masarakat Indonésia, nya éta jalma anu ngaku jeung diaku ku masarakat salaku urang Sunda. Urang Sunda nya éta sakumpulan jalma anu digedékeun dina lingkungan sosial, budaya sarta norma-norma atikan budaya Sunda. Dina kahirupanana urang Sunda miboga kabudayaan anu ngagambarkeun kahirupan sélér Sundana.

Sakumaha anu dijelaskeun ku Koentjaraningrat, yén kabudayaan téh diwangun ku tujuh unsur, anu salah sahijina nya éta kasenian. Dina *Kamus Umum Basa Sunda* (1995:469), diébréhkeun yén kasenian nya éta kabinangkitan manusa pikeun ngahasilkeun perkara nu éstétis. Ku lantaran ngandung ajén éstétis bakal nimbulkeun pangaruh atawa éfék nu leleb karasana. Pon kitu deui saupama

dipatalikeun jeung salah sahiji fungsina, nya éta salaku sarana hiburan, nu bisa nimbulkeun kasugemaan batin manusa. Ku kituna kasenian téh moal bisa leupas ti masarakat, sabab kasenian mangrupa ungkapan kréativitas manusa tina éta kabudayaan. Kitu deui sélér Sunda, urang Sunda mibanda unsur kasenian nu mangrupa hasil cipta, rasa, jeung karsa urang Sunda.

Ékadjati (1991) nétélakeun yén dina kahirupan masarakat mekar dua jenis kasenian, nya éta kasenian tradisional jeung kasenian modérn. Ieu kasenian téh miboga unsur jeung ciri nu béda. Salian ti éta nu mikaresepna gé bakal béda. Seni tradisional lahir jeung mekar sacara turun-tumurun, ku kituna leuwih loba dipikaresep ku kaum kolot tibatan ku generasi ngora.

Kasenian tradisional téh hiji kabeungharan budaya nu kudu dipaluruh, diajénan sarta dimumulé utamana ku generasi ngora. Kitu deui di Kabupatén Sumedang, utamana di daérah Pamulihan mekar hiji kasenian tradisional nya éta kasenian Celempungan. Kasenian Celempungan mangrupa wujud budaya anu nyata, hasil kréasi anu dipibanda ku sabagian masarakat Sunda, nya éta masarakat di daérah Pamulihan Kabupatén Sumedang.

Istilah Celempungan asalna tina kecap celempung, nya éta hiji alat musik anu dijieun tina awi, anu ngamangpaatkeun gelombang résonansi tina buku-buku awi. Biasana awi nu digunakaeun téh nya éta awi gombong. Panakolna gé dijieun tina awi atawa kai anu tungtungna dibuntel ku kaén, sangkan ngahasilkeun sora nu halimpu. Cara nabeuhna aya dua cara nya éta, nu kahiji ditakol sacara baganti gumantung kana ritme-ritme nu rék dipaénkeun. Anu kadua nya éta ku cara muka

tutup bungbung atawa awak Celempong. Saupama hayang ngahasilkeun sora bedas liangna rada dibuka, kitu deui sabalikana.

Gelarna Celempong di tatar Sunda can kapuluruh sacara jelas, ngan ceuk sakaol mah ayana Celempong téh pikeun ngaganti waditra goong. Lantaran dina waktu nabeuh goongna ruksak. Salian ti éta miboga sora anu mirip jeung sora goong nya éta “neng gung”. Ngan nu ngabédakeun téh bahanna wungkul, goong mah dijieunna tina tambaga, sedengkeun Celempong tina awi.

Di daérah Pamulihan, kasenian Celempongan masih kénéh dirumat sarta dimumulé. Kasenian Celempongan biasana dipagelarkeun di nu kawinan atawa nyundatan. Éta gé ngan sabagian jalma anu masih kénéh resep kana kasenian tradisional.

Kiwari kasenian tradisional téh geus karéréd ku jaman kapeupeuh ku kasenian nu leuwih modérn. Hal ieu lain ngan saukur dibaluarkeun ku meuweuhna kasenian modérn, tapi dibaluarkeun ogé ku heureutna pangaweruh generasi ngora kana éta kasenian. Salah sahiji tarékah pikeun ngajaga sangkan kasenian tradisional teu leungit, nya éta kudu diwanohkeun ka generasi ngora di tengah-tengah kahirupan modérn. Salah sahiji tarékahna nya éta diwanohkeun dina dunya atikan nu resmi, nya éta dina lembaga pendidikan.

Pamaréntah méré kawijakan ka unggal pamaréntah daérah (kabupatén) pikeun ngamekarkeun kurikulum muatan lokal. Kurikulum muatan lokal nya éta kurikulum anu diluyukeun jeung kaayaan lingkungan, sosial, ekonomi, jeung budaya éta daérah. Ku kituna bahan kajian jeung bahan pangajaran gé kudu diluyukeun jeung pangabutuh di éta daérah. Hal ieu méré kasempetan ka

pamaréntah daérah pikeun mekarkeun poténsi-poténsi kabeungharan budaya anu aya di daérahna, kaasup kabeungharan budaya anu aya di wewengkon Pamulihan. Salah sahiji asét budaya nu mekar di Kacamatan Pamulihan nya éta kasenian, hususna kasenian Celempungan. Ku kituna kasenian Celempungan perlu dijadikeun bahan pangajaran.

Dumasar kana SKKD di SMP kelas VIII, ditétélakeun perkara ngaregepkeun kasenian tradisional. Siswa diperedih sangkan mampuh nyangking jenis-jenis kasenian. Sangkan leuwih kacangking siswa gé diperedih sangkan mikawanoh istilah-istilah éta kasenian. Nepi ka éta siswa mikawanoh salah sahiji kabeungharan budaya nasional.

Saméméhna can aya panalungtikan nu husus ngulik istilah kasenian Celempungan. Kitu deui murid-murid di sakola gé masih aya kénéh nu teu apal kana istilah-istilah kasenian Celempungan. Komo deui kana wangun jeung prak-prakana mah. Ku kituna, dipedar perkara éta istilah anu dibéré judul “Istilah-Istilah dina Kasenian Celempungan di Kacamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP”.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang anu diébréhkeun di luhur, sangkan ieu panalungtikan leuwih museur sarta teu panjang teuing ambahanana, perlu diwatesanan ku nganalisis ngeunaan istilah kasenian Celempungan nu aya di Kacamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang anu ngawengku:

- 1) déskripsi kasenian Celempungan;
- 2) sajarah kamekaran kasenian Celempungan;
- 3) istilah nu aya dina kasenian Celempungan;
- 4) harti kecap tina istilah nu aya dina kasenian Celempungan;
- 5) janggélékna bahan pangajaran ngeunaan istilah dina kasenian Celempungan.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Saluyu jeung kasang tukang sarta watesan masalah nu diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan téh bisa dirumuskeun saperti ieu di handap:

- 1) Kumaha sajarah kamekaran kasenian Celempungan di Kacamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang?
- 2) Kumaha kaayaan kasenian Celempungan di Kacamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang?
- 3) Naon waé istilah nu aya dina kasenian Celempungan di Kacamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang?
- 4) Naon harti tina istilah nu aya dina kasenian Celempungan di Kacamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang?
- 5) Kumaha janggélékna bahan pangajaran ngeunaan istilah dina kasenian Celempungan?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Dina hakékatna unggal panalungtikan miboga tujuan. Tujuan nya éta hal anu hayang kahontal sanggeus ngayakeun panalungtikan.

Saluyu jeung watesan sarta rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus.

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh istilah kasenian Celempungan nu aya di Kacamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) gambaran umum ngeunaan kasenian Celempungan di Kacamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang;
- 2) sajarah kamekaran kasenian Celempungan di Kacamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang;
- 3) istilah nu aya dina kasenian Celempungan di Kacamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang;
- 4) harti kecap tina istilah nu aya dina kasenian Celempungan di Kacamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang;
- 5) janggélékna bahan pangajaran ngeunaan istilah dina kaseniaan Celempungan.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun ngamekarkeun pangaweruh dina widang kasenian hususna kasenian Celempungan. Luyu jeung rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat, nya éta:

- 1) pikeun ngeuyeuban kamus basa Sunda, nu eusina ngadaptarkeun istilah kasenian;
- 2) pikeun mikanyaho naon waé istilah-istilah nu aya dina kasenian Celempungan;
- 3) pikeun ngeuyeuban bahan pangajaran ngaregepkeun ngeunaan istilah-istilah kasenian Celempungan di SMP.

### **1.5 Anggapan Dasar**

Anggapan dasar sok disebut ogé asumsi nya éta bebeneran, tiori, atawa pamadegan anu dijadikeun dasar tatapakan dina hiji panalungtikan (Suyatna, 2002:7).

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) kasenian mangrupa wujud budaya masarakat;
- 2) istilah kasenian dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP saluyu jeung Kurikulum Satuan Tingkat Pendidikan (KTSP).

### **1.6 Wangenan Istilah**

- 1) Istilah mangrupa kecap anu ngandung harti husus dina élmu pangaweruh;
- 2) Kasenian nya éta kabinangkitan manusa pikeun ngahasilkeun perkara nu éndah;
- 3) Celempungan nya éta tatabeuhan anu dijieun tina awi;
- 4) Bahan pangajaran nya éta eusi anu kudu ditepikeun ku guru ka muridna nalika prosés diajar-ngajar;

- 5) Ngaregepkeun mangrupa prosés nyangking inpormasi ti pawicara kalayan saregep;
- 6) SMP mangrupa wangun jenjang atikan formal sabada ngaréngsékeun sakola dasar.

## **1.7 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan**

### **1.7.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta méthode anu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun hiji hal, tanpa nguji hipotésis.

Tujuan méthode déskriptif nya éta nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta. Hal anu baris didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta istilah-istilah kasenian Celempungan anu aya di Kacamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang.

### **1.7.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta obsérvasi, wawancara, jeung talaah pustaka.

#### **1) Obsérvasi**

Obsérvasi nya éta kagiatan museurkeun panitén kana hiji obyék ngagunakeun pancadria. Obsérvasi digunakeun sangkan meunangkeun data anu akurat ngeunaan istilah kasenian Celempungan anu aya di Kacamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang.

## 2) Wawancara

Téhnik wawancara nya éta téhnik pikeun nyangking bahan lisan (sumber lisan). Sasaran wawancara nya éta informan anu dianggap nyaho kana seluk-beluk kasenian Celempungan.

## 3) Talaah Pustaka

Talaah pustaka digunakeun pikeun meunangkeun informasi ku cara ngumpulkeun data nu aya dina kamus, buku, jeung internet anu aya patalina jeung kasenian hususna kasenian Celempungan.

### **1.8 Sumber Data**

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) hasil rékaman ngeunaan pintonan kasenian Celempungan;
- 2) data ti sesepuh jeung masarakat anu aya di Desa Pamulihan, Kacamatan Pamulihan Kabupatén Sumedang anu apal kana seluk-beluk kasenian Celempungan;
- 3) data ti masarakat di sabudeureun Kacamatan Pamulihan, Kabupatén Sumedang anu apal kana seluk-beluk kasenian Celempungan.